



RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi
 kirang: f 0,50.
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris:
 (apes: f 1,25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
 pisan, oetawi moendoet dados lengganan,
 tepang rembag roemijin kalijan admini-
 stratie.

Hoofdredacteur:
 B. SOEMARNA
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.



REGINPOEN LENGGANAN
 SWARA TAMA
 sampoen kalijan regining Soeara Katholiek
 I taoen f 7,50 } njoewoen kabajar
 1/2 f 3,75 } roemijin.

Adresipoen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS-COLLEGE
 DJOKJAKARTA.



Drukkerij „Canisius” Djokja.

ISINIPOEN:

Sowan ngabekti ingkang Sinanta —
 Dagang mawi patokan — Gesang
 rerajatan lan djagad social — Anèh
 — Memelas — Koelon Praga — Pa-
 repatan R. W. — K. W. Djokja —
 Congrès P.G.H.B. ing Solo ingkang
 kaping 19—Buiten bezwaar van den
 Lande—Ontjèn sekar gambir melati
 — Oerap-sari — Correspondentie.

**SOWAN NGABEKTI ING-
 KANG SINANTA.**

Ngleresi dinten rianjanipoen ing-
 kang minoelja St. Franciscus Xave-
 rius, inggih poenika kala tanggal 3
 December 1929, prijantoe ± 112
 enèm sepoeh sami kalilanan sowan
 ngabekti Ingkang Sinanta, katampi
 wonten ing gedong consistorie.
 Menggah prijantoe semanten waoe
 ingkang 30 Broeders, ingkang 10
 Fraters, sanèsipoen apangkat imam.
 Sedaja sami warganipoen Sarékat
 Jésoes, kaklempakaken saking boe-
 wana gegangsal minangka sesoelih-
 ipoen tanah-tanah saindenging djag-
 gad, ingkang dipoenambah para
 warganipoen Sarékat Jésoes. Déné
 ingkang kapatah dados sesoelih waoe
 sedaja sami prija bangsa pribomei
 ing tanah ingkang dipoensoelih.
 Dados tanah Welandi sesoelihpoen
 bangsa Welandi, tanah Inggris se-
 soelihpoen bangsa Inggris, mekaten
 sapitoeroetipoen.

Inggih katah oetoesanipoen boe-
 wana Éropah toewin Amérikah. Sa-
 king Afrika namoeng 1. Inggih poe-
 nika bangsa Mesir. Saking Australiah
 namoeng 1. Saking Irak bangsa
 Arab 1, saking Armeni 1, saking
 Aziah sasih wétan 5, inggih poenika
 Indija ngadjeng 2, Tjina 1, Djepang 2;
 déné sesoelihpoen tanah Djawi na-
 moeng koela pijambak.

Menggah rakiting gedong namoeng
 gamplan. Sakiwa tengenipoen si-
 ngasana dalem dipoentatani leng-
 gahan teroes oeroet témbok ngantos
 koepeng ngoebengi bangsal. Wonten
 ing ngriko sasampoenpoen katah
 linggih lan ngentos saontawis, Ing-
 kang Sinanta rawoeh kadjaran
 pradjoerit tamtama lan oepsir loehoer
 toewin oelama loehoer kalih ingkang
 ngladosi Ngarsa dalem. Menggah
 keprabon dalem sarwa petak kados
 nalika ndjenengi pamaosipoen na-
 wala dalem kawisoedan soebagja.

Para pradjoerit noenten ngadeg
 djédjèr wonten ing sakiwa tengen-
 ipoen dampar, para sowan djèng-
 kèng, Ingkang Sinanta paring ber-
 kah, noenten mijos ngoebengi larik-
 anipoen para sowan, kadérékaken
 oelama kekalih ingkang ngladosi,
 oepsir loehoer satoenggal, lan Ra-
 ma Djéndralipoen Pakempalanipoen
 Goesti Jésoes.

Rama Djéndral ingkang moendjoek
 lan njaosi priksa datang Ingkang
 Sinanta menggah ing nama, asal sarta
 pangkatipoen satoenggal-toenggal-
 ipoen para ingkang sowan. Déné
 ingkang dipoenatoeraken naman-
 ipoen, kedah djèngkèng soekoe kalih,
 moendjoek menawi kadangoe, noe-
 tjoep sesoepé lan tjaoes tabik datang
 Ingkang Sinanta Rama. Mekaten
 saladjengipoen.

Boten let dangoe Ingkang Sinanta
 sarta Rama Djéndral toewin pen-
 dèrèk sanèsipoen rawoeh ing pang-
 génan koela. Koela djèngkèng soe-
 koe kalih, Rama Djéndral matoer
 tjara Italie, menggah jèn kadjawèk-
 aken mekaten: „Poenika Frater Soe-
 gija, asal saking tanah Djawi, ing-
 kang saweg sinaoe theologie wonten
 ing Maastricht, Pradja Walandi.”
 Kala mireng temboeng Djawi, Ing-
 kang Sinanta semoe kedjot lan ngan-
 dika: „O, tanah Djawi. Apa kowé
 bisa goemaner tjara Italie.” Koela
 kapeksa moendjoek: „Poenten dalem,
 noewoen boten saged; nanging me-
 nawi tjara Latijn, Duitsch oetawi
 Fransch, adalem noewoen inggih
 saged ngladosi.” Anggèn koela moen-
 djoek waoe tjara Latijn. Nalika poe-
 nika Ingkang Sinanta imbal wetjana
 kalijan koela mawi basa Duitsch.
 Ngendikakaken, bilih Ngarsa dalem
 rena ing penggalih, margi mentas

mriksani barang saé-saé saking tanah
 Djawi, lan tampi kabar saé saking
 Noesa Djawi, langkoeng-langkoeng
 ing babagan among siswa lan pa-
 moelasara tjang sakit. Mekaten
 saladjengipoen Ingkang Sinanta
 ngendikakaken kanti reseping galih
 bab tanah Djawi, Missie-Djawi.
 Temtoe kémawon koela boten poe-
 roen njelani, kalijan malih koela sam-
 poen ngertos bilih Ngarsa dalem
 menggalih datang waloejaning para
 poetra tanah Djawi, ingkang taksih
 sakedik tjatjahipoen.

Sareng sampoen noenten paring
 pangéstoet datang koela; koela noe-
 tjoep sesoepé dalem, Ingkang Sinanta
 ngasta tangan koela kanti asta te-
 ngen, déné astanipoen kiwa kagem
 ngepoek-epoek poendak ladjeng sirah
 koela, kadosdéné bapa ingkang men-
 tas pinanggih anakipoen ingkang
 taksih alit toer tinresnanan; wasana
 ngladjengaken tindakipoen.

Tandoekipoen Ingkang Sinanta
 datang koela, poenika boten koela
 anggep kados mligi pangrengkoeh
 dalem datang badan koela pijambak
 ingkang nama Soegijapranata, nan-
 gning datang koela wewakilipoen
 sadérék Katolik ing tanah Djawi,
 ingkang ageng sihipoen datang Ing-
 kang Sinanta Rama, katitik saking
 gebaring pahargjan minangka mèn-
 geti 50 taoenan dalem djoemeneng
 Imam.

Sasampoenipoen moebeng Ngarsa
 dalem lenggah ing dampar lan
 paring pangandika katah-katah. Mi-
 nangka toetoepeing pamedar sabda,
 Ingkang Sinanta paring berkah da-
 teng sedaja ingkang soemiwi sowan
 ing Ngarsa dalem, poenapa malih
 sanak-sadérék, kadang pawong-mi-
 tra lan samoekawis ingkang dados
 kandoetaning manahipoen para ing-
 kang andèr sowan. Mangka nalika
 koela mangkat saking Maastricht,
 èstining manah badé soedjarah nga-
 lap-berkah, njoewoenaken pangé-
 toenipoen para Katolik ing tanah
 Djawi, para sanak-sadérék lan ka-
 dang koela Katolik Djawi sajejan
 lan pakempalanipoen manéka warni.
 Mila ndadosna kawoeningan! Temtoe
 kémawon mangka gong ingkang koela
 gagas: tata-rahardja toewin koentja-
 raning tanah Djawi ingkang sedjata.

Bakda sowan, manah koela kraos
 lega, tjoemeplong. Awit datang koela
 ing Roem poenika perloenipoen
 inggih namoeng badé ndérék so-
 wan Ngarsa dalem Ingkang Sinanta
 Rama. A. S.

PRADJA RAHAJOE.

DAGANG MAWI PATOKAN.

Ing Swara-Tama no. 5 koela
 ngrembag patokanipoen dagang
 ageng-agengan, tegesipoen ingkang
 mawi arta éwon oetawi joetan. Poe-
 nika toemrap bangsa Indonésiah
 taksih ngrekaos. Dagang alit-alitan
 poenika saged, nanging soepados
 sempoloer, kedjawi begdja, kedah
 oegi nganggé patokan.

Dagang alit-alitan poenika warni
 kalih 1e. kanggé tjang ingkang
 sekolahan 2e. kanggé tjang doesoen.

Kanggé ingkang sekolahan kedah
 ngertos 1e. boekhouden 2e. han-
 delseaardrijkskunde (ngèlmoe boemi
 bab padagangan), soepados ngertos
 pamedaling tanah-tanah dados sa-
 ged bestèl lsp. 3e. warentennis
 (ngertos kawontenaning barang da-
 gang), ngertos kanggènipoen, pa-
 njimpenipoen lsp. 4e. handelsreken-
 en (étangan bab padagangan),
 dados ngertos lampah-lampahing
 wissel, effekt lsp. 5e. handelsrecht
 sakedik (angger-angger bab dagang),
 dados ngertos barang poenapa ing-
 kang kénging mliebet lan medal
 saking tanah ngriki 6e. handelscor-
 respondentie (serat²an kalijan tjang
 ingkang bestèl lsp.) 7e. saged ngetik
 8e. ngertos basa Mladjeng. 9e. sa-
 ged damel advertentie. Mesti kéma-
 won sadaja-sadaja ingkang kaseboet
 ing nginggil poenika jèn sampoen
 lan taksih dipoenewahi kadosta
 ngertos basa Walandi, Inggris lsp.
 tansaja prajogi.

Ladjeng patokan ingkang roemijin

sampoen koela terangkaken kados-
 déné bab ngertos datang memadahi,
 mbeboenteli lsp. ing ngriki kanggé
 oegi.

Wasana ingkang perloe sanget
 poenika temen.

Toemrapipoen tjang doesoen
 ingkang dagang, patokanipoen 1e.
 temen 2e. ngertos poendi ingkang
 kedah dipoendasari 3e. ngertos da-
 teng kawontenaning barang dagang-
 an (warentennis).

Margi boten temen, katah bakoel
 ingkang nginten badé bati katah,
 nanging woesananoen bobrok,
 kadosta sarana malsoe (bregedèl
 kentang margi laris ladjeng kapalsoe
 mawi ketéla pendem), sarana boten
 ngedakaken regi, doemèh ingkang
 toembas boten ngertos, mangka
 poendi-poendi sampoen medak lsp.

Ngertos poendi ingkang kedah
 dipoendasari, poenika perloe, moerih
 pepadangan katah.

Warentennis poenika kados-poen-
 di oepaminipoen? Oepami: ngertos
 panjimpenipoen tigan, wonten ing
 dedak, lintjipoen mangandap, da-
 dos boten dipoenlèr oetawa ngantos
 kabentèran, awit ladjeng énggal
 bosok. Dipoenoesar-oesari apoe oegi
 saé. Wowohan kadosdéné pelem
 kasimpèna mawi gantilan, poenika
 langkoeng awét. Tjina poenika ké-
 nging katiroe, doekoe dipoensoekani
 apoe, mila ngantos kénging kakin-
 toenaken datang poendi-poendi.

Woesana niroe Tjina, bati katam-
 bahaken pawitan, soepados saja
 ageng, mila Tjina toekang sadé
 katjag lami-lami ladjeng saged bikak
 toko, sareng tjang Djawi, sadé saté,
 sadjegipoen gesang taksih saté ké-
 mawon boten mindak-mindak.

Sarèhné samangké goeroe-goeroe
 wonten ingkang sami éksamen klein-
 handel, mila saking pamoedji koela,
 padagangan Djawi saja madjeng,
 nanging mawi patokan, boten nge-
 moengaken aben begdja kémawon,
 awit begdja poenika inggih saé,
 nanging boten kénging kadjagèkaken,
 sareng patokan kénging kadjagèk-
 aken toer kanggé ing salaminipoen
 lan kénging dipoensinaoe.

„JÈN KOBER.”

WARA - WARA.

Lengganan ingkang taksih kagoengan
 toenggakan taoen 1929, kasoewoen
 kanti sanget kersaa énggal ngloenasi
 sareng lan arta lengganan kwartaal 1
 taoen 1930; déné ingkang boten
 kagoengan toenggakan inggih kasoewoen
 kersaa maringi arta lengganan
 kwartaal 1 taoen 1930, awit badé
 wonten éwah-éwahan:

mriksanana katja kalih:

==LARASATI==

**GESANG RERAJATAN LAN
 DJAGAD SOCIAL.**

**Wadjibipoen anak datang tjang
 sepoeh.**

Wadjibipoen anak datang tjang
 sepoeh, ingkang kaping tiga i. p.
 pamitohoe. Goesti Allah paring
 wewenang toewin hak-hak datang
 tjang sepoeh ing ngatasipoen anak;
 déné anak kedah ngakeni wewen-
 ang toewin hak-hak waoe sarana
 pamitohoe. Pamitohoe poenika te-
 gesipoen manoet sarana nglampahi
 sadaja paréntahipoen tjang sepoeh;
 nampi klajan lega rilaning manah
 sadaja pitoetoer saha pitedahipoen
 tjang sepoeh. „Simpen ing atimoe
 kabèh paréntahing bapa lan adja
 pisan agemohi piwelinging bijoeng”.

Kalepatan nerak pamitohoe poe-
 nika manawi laré (anak) boten mba-
 ngoen-toeroet babar pisan datang
 tjang sepoeh. Kedjawi poenika ing-
 gih kaéwokaken lepat, bok bilih
 wonten anak, ingkang anggènipoen
 mbangoen-mitoeoet „gelem ora-
 ora”; inggih poeroen mbagoen-mi-
 toeroet, nanging mawi grenengan,

bekah-bekoeh. Wonten malih ing-
 kang anggènipoen toemandang ma-
 nawi tjang sepoeh sadjak djèng-
 kèl anggènipoen ngetag.

Ing nginggil koela sampoen matoer,
 bilih koerpat lan tresna poenika
 kanggé sadjeg gesang; déné pami-
 toehoe poenika wonten watesipoen.
 Dados anak samangsa sampoen di-
 wasa, sampoen mentas (loewar) sa-
 king gegebenganipoen tjang sepoeh,
 sampoen boten kawadjaban mba-
 ngoen-mitoeoet. Anak ingkang sam-
 poen diwasa, nanging taksih toemoet
 tjang sepoeh toenggil grija, poenika
 taksih nama wonten ing weweng-
 konipoen tjang sepoeh dados ing-
 gih kedah mitoehoe ing samoeka-
 wis ingkang gegajoetan kalijan tek-
 kliwering grija.

Manawi wonten laré badé dados
 Imam oetawi tjang mratapa kedah
 neda rembag tjang sepoeh; anan-
 gning samangsa tjang sepoeh njoe-
 lajani, anak boten oesah mbangoen-
 mitoeoet. Prakawis émah-émah ke-
 dah dipoensoekani wewenang dé-
 ning tjang sepoeh; pramila peksan
 poenika boten kénging, oepami na-
 moeng karembag sepoeh sami se-
 poeh kémawon, anak sami boten
 ngertos poenapa-poenapa. Tjara ma-
 katen poenika kedah boten toemin-
 dak. O mesakaken sanget kanggé-
 nipoen anak ingkang kapeksa ma-
 katen. Ewadéné ing ngriki kerep
 kémawon kelampahan; samangsa
 tjang sepoeh sampoen sami roe-
 djoekepoen anak kantoen nrimah,
 nglampahi poenapa kadjengipoen
 tjang sepoeh. Lan kados-poendi
 kedadosanipoen? Kerep boten da-
 dos, sinten ingkang ngraosaken
 ribedipoen?

Laré ingkang ngadjèni, tresna lan
 mitoehoe datang tjang sepoeh, won-
 ten ing ngriki badé binarkahan ing-
 kang Maha-koewasa lan ing bèn-
 djingipoen kaparingan gandjaran
 langgeng ing Swarga. Kosok-wang-
 soel: laré moersal badé sepen ber-
 kahing Goesti Allah, ladjeng boten
 saged manggih rahardja.

A.

==ONDERWIJS==

ANÈHI

Jaarvergadering para goeroe ress.
 Moentilan 19 Jan. 1930.

Koela boten badé merslag-merslèg,
 namoeng njoeplik sakedik poenapa
 teroes gemèndel wonten weteng:

I. Dawoeh (pangandika) saking
 Inspectie: (Boten pleg).

Disekolah kl. II—anak jang dapat
 membajar — diterima lebih doeloe!
 (Djadi jang tidak dapat membajar
 toenggoel) Saja (Inspectie;
 P. c. Waar) ada koerang senang—
 kalau ada sekolahan (kl. II) — banjak
 anaknja njang gratis.

Anak jang tida dapat membajar
 soedah ada tempatnja sendiri, jaitoe
 disekolah desa.

Mangga dipoendoedoet!
 Roemijin-roemijin wontenipoen
 dawoeh namoeng: „Sapa gelem se-
 kolah angka II mbajara!—jèn ora
 bisa tja adja (kena ora) mbajar!”

Poenika dawoeh ingkang nama
 maties sanget. Soegih mlarat (boten
 saged mbajar) saged sekolahan angka
 kalih. Manawi ngèneti dawoeh
 (pangandika, pamrajogi) tjara mla-
 djar ingginggil, ladjeng ateges: Soe-

gih temtoe saged, mlarat dèrèng
 kinoer!! (masih toenggoel) Oetawi
 nglodjokipoen malih—mlarat inggil-
 inggilipoen pasinaon wonten seko-
 lahan doesoen — soegih andap-an-
 dapipoen pasinaon wonten sek.
 doesoen.

È, lah, doemèh mlarat kosok-ba-
 liné soegih baé! Tjilaka kowé rat,
 mlarat!!!

Mangka manoet djamanipoen —
 inggih djaman dèrèng dojan seko-
 lahan. . . . Èh, anakkoeh taklebok-
 aké sekolah, oraa doewé kaé tjikbèn
 doewé kapinteran. Oetawi: Lé (nok),
 sekolah-sekolèh apa preloené, sa-
 wahkoe wis amba! Lo, poenika go-
 tèkipoen djaman taksih njingkoer
 sekolahan kados samangké. Lah,
 manawi makaten—poen mlarat badé
 sekolah boten katampi, soegih di-
 poentampi—boten badé sekolah.

Poenapa onderwijs sampoen ke-
 madjengen, badé dipoenendoer???
 Poenapa kepadangan — badé di-
 poenoengkret?? Poenapa kagoengan
 nijat badé njakèken economienipoen
 Indonesia, amargi menggalih mekaten:

„Wong Djawa sing mlarat akèh
 banget! Ajaké bèn bodo baé pisan.
 Dadi kabèh bodo toer mlarat di-
 sik. Mengko rak ndjoer metoe ati-
 né — nelangsa — kepéngin soegih —
 ngetog karosan — lah kètoeroetan
 dadi soegih kabèh! — ndjoer pinter
 kabèh! Kok mokal!?! Poenapa ma-
 katen; ingkang mlarat toer kasinoen-
 gan agebleg—kadjengipoen ngenes
 (kemloeroesen) — énggal pedjah —
 kantoen ingkang soegih-soegih.

Lo, kok njlenèh!?!
 Kèwedara anggèn koela ndoemoek.

„Aaah, nggih mangsi boronga, ka-
 woela sadremi nglampahi.

Anamoeng moegi énggala wonten
 pepadang, soepados anggèn koela
 ndoemoek boten moek-moekan sa-
 sar-soesoer!!

II. Economie. Pandjenenganipoen
 ingkang Opziener paring pangandika
 tjekak — lebet — mentes prakawis
 economie. Wosipoen: Bangsa Djawi
 (Indonesia) economie-nipoen pedjah!
 Kita orang (goeroe) kawadjaban
 ndandosi.

Srananipoen.

A. Nglebetaken piw. economie da-
 teng laré (moerid),

Oepami ngrembag tjang gadah
 damel (mantoe), wilodjengan, sadé
 tinoembas, njenjèlèngi enz.

Pramaos sinoeba saged ngoeloer
 pijambak, andjogipoen datang kaeco-
 nomèn. Boten makan sapisan — ing-
 gih kaping kalih enz. dangoe-dan-
 goe — béndjing-béndjing rak makan.
 (Tjoendoek sanget kalijan kersani-
 poen rama P. D. ing Sw. Tm. ing-
 kang sampoen-sampoen. P. C.)

B. Toelada. Goeroe kedah paring
 toelada. (remen njèlèngi — panga-
 geman barès—boten kloewoek-kloewoek-
 woek?). Saking panginten koela (P. C.
 Waar) manawi prijantoe sepoeh (ra-
 tjak-ratjak) boten sepen ing toelada,
 djer sampoen ragi toemek anggèni-
 poen njilirani kesripahan economie.—

Saoedara koela moeda ingkang tak-
 sikh tjetil ing toelada. (Rosokan pre-
 ban sampoen moenggoeh — milih da-
 si djené, biroe!?! Gampanan sam-
 poen kijat—pados selop djlinggring!?!
 Sinten selak???) Lawong manoet
 djamané kok! Doeroeng wjahé kok!
 Lah poenika p. troena djaman sa-
 poenika!

Sampoen kekatahen pretingsing
 noen! Inggih leres — sampoen hoem
 — boten maiben economienipoen p.
 troena poenika pedjah inggih boten,
 — namoeng dèrèng gesang (ra-
 tjakipoen)! Saja-saja para moeda
 sakomplot kalijan p. moeda sami
 déné ngobrak-abrik economie — lah
 poenika saged mak klengkeng! Mila
 atoe pamrajogi: Koela atoei pados
 komplot (komplot) ingkang economie-
 nie-nipoen gesang saèstoet — liri-
 poen gemi ngati - ati; mangké mbe-
 nampéjan rak kesawahan gesang sa-
 kedik-sakedik. Lo, botenipoen —
 sanadjana pedjah — nempil-nempil
 gampil.

Mangga dipoentjopi, mangké rak
 loemajan!!

Somowikarto! P. C. Waar.

JAARVERSLAG ROEKTI WOERI.

(15 Augustus 1928 - 31 December 1929).

Jaarverslag poenika verslag-officieel ingkang sapisanan saking pangreh ROEKTI WOERI. Adegipoen ROEKTI WOERI kala tanggal 15 Augustus 1928, inggih poenika dinten kaleres pandjenenganipun R. M. A. Djajasepoetra, ingkang raka R. A. M. Soelastri, ingkang paring pawitan dateng ROEKTI WOERI kaberkahan dados Imam.

Sarehne adegipoen sampoen woelan Agustus lan loembeting warga woelan September 1928, mila verslag ingkang sapisanan poenika kanggé wkdal ingkang dangoipoen kirang langkoeng 16 woelan, inggih poenika wiyit ngdageg doemoegi 31 December 1929.

Salebeting wkdal poenika ROEKTI WOERI sampoen angsal warga 160, dados ratjak ing dalem sawoelan ingkang mlebet dados warga 10. *) Goenggoenging arta premie ing sawoelan-woelanipun saking warga samanten waoe wonten.

Ing ngadap poenika pangreh ngatoeraken lampiran kalih idji, inggih poenika WINSTEN VERLIESREKENING miwah BALANS.

Para maos lan para warga ladjeng saged pira, bilih gesangipoen Roekti Woeri katinggal saja mindak ageng, boten mengkrak-mengkrak. Poenapa malih pangreh gadah pengadeng-adjeng ingkang AGENG SANGET bilih ROEKTI WOERI tansah badé saja mindak SOEBOER lan LEMA, oeger para sadèrèk sami karsa mbijantoe.

Pramila pangadeng-adjengipoen pangreh ROEKTI WOERI, moegi para sadèrèk Katholik ingkang dèrèng dados warga énggal samia loembet.

Atas Pangreh R. W. I. KASIMA, Voorzitter L. JAMA, Secretaris No. 1 M.P. SOEMANDAR, Penningmeester No. 1.

Winst en Verliesrekening.

Table with columns for Debet and Credit, listing various financial items and amounts.

BALANS 31 December 1929.

Table with columns for Activa and Passiva, showing assets and liabilities.

Pangreh R. W.

*) Salebeting wkdal poenika warga ingkang tilar wonten 1, inggih poenika sad. F.S. Djajasepoetra ingkang oegi kasawoenan korban Mis Soetji dening Roekti Woeri. Déné ingkang medal 1.

VERSLAG TAOENAN K. W. DJOKJA.

- 1. Woodjoeding pangreh kanggé 1930. 1. sdr. C. Soegiri - pangarsa 2. " B. - panitra 2. " J. Padmawijata - hartaka 4. " D. Soetana - dijoeroe noepiksa 5. " Darmadihardja - " 6. " I. Siswasoebata - " 7. " A. S. Dwidjarsa - raja - " II. Tjatjahing parepatan. 1e. parepatan pangreh x 4 2e. " warga x 5 3e. " miroenggan x 1 III. Jasanipoen K.W.: 1. St. Stanislaus-debatengclub. Manggèn wonten ing Mulo saben Selasa sonten djam 6-7. Moderator Rama J.J. van Rijkevorsel. 2. Spaarclub. Pangreh: sdr. C. Poedjasoedira lan Dwidjarmadja. Arta ingkang wonten Bank lan samboetan wonten f 1548. 3e. Cursus tembang. Manggèn ing Mulo

MEMELAS.

Ing bahagi no. 12 dd. 15 Januari 1930. Wonten seratan: "Circulair baroe." Ing seratan kabur "Sipatahoenan," ingkang medal tanggal 7 Januari 1930. wonten artikel berkepala "Circulair toean W." Maksoedipun Circulair waoe makaten: Satoenggaling A. W. (Assistent Wedana.) Ing djadjahan Regentschap Koeningan Tjirebon, ngedalaken kirang langkoeng makaten: a.) Pangkat goeroe-goeroe doesoeno poenika boten wonten bédanipoen kalijan pangkat poelisi doesoeno (prabot doesoeno.) b.) Manawi goeroe badé verlof kedah njoewoen palilah dateng koewoe (loerah doesoeno.) c.) Loerah doesoeno dados chefi-ipoen goeroe-goeroe doesoeno. Margi wonten oengeling Circulair makaten, sapoenika loerah-loerah doesoeno asring dateng pamoe- langan namoeng takèn: 1. Mlebetipoen djam pinten? 2. Medalipoen djam pinten? sanèsipoen boten. Saking roemaos koela, sanadyan leres sekolah doesoeno poenika gadahanipoen doesoeno, nanging goeroenipoen poenapa inggih ladjeng katoet gadahanipoen doesoeno; ladjeng kasamèkaken kalijan prabot doesoeno, poenika mendet saking patokan poendi? Poenapa sampoen wonten patokan oetawi artikel oetawi Circulair ingkang njebataken makaten? Menawi wonten makaten inggih sampoen nrimah. Nanging manawi dèrèng tjeta saèstoe, oetawi saweg kabar

saben Slasa djam 7 - 8, katoentoen sdr. C. Hardjasoedarma lan C. Poedjasoedira. 4e. St. Caeclilla-muziekclub. Pangreh sdr.: S. Siswapranata, B. Soegija lan sdr. Boediman. Warganipoen wonten 12. 5e. Cursus Inggis. Ingkang noentoe Meij. M. Herberman. 6e. Tooneelclub. IV. Padamelanipoen K.W. Mahargja karampoenging Rom. kwestie. Mahargja Ingkang Soesanta Kangdjeng Paus sampoen 50 taoen djoemeneng imam. Ngedegaken jeugdorganisatie afd. Studenten ing Mataram. Propaganda jeugdorganisatie ing Magelang. Ngadjangi sesorah propaganda van Lithstichting x 2. Propaganda K. W. wonten ing parepatan Moeda Katholiek. Ngedegaken debatingclub Wanita Kath. Mataram. Ngembani debatingclub W.K. Conferentie kalijan toewan Mignot ngrembag kawontenanipoen Negresco. Toemoet njadèkaken loterij K.S.B. Pados dana kanggé patjeklik ing Manggarai Flores. Njaois oeroenan damel altaar ing Geitenkamp (Arnhem Nederland). Nengngani wijdingsplechtigheid Onder de Bogen. Pepanggihan pepisahan (afscheidsreceptie) lan hr. Smits, voorz. K.S.B. Afscheids-receptie (Zr. Fischer). Ngatoeri soegeng tindak rama Schlattmann. Ngatoeri soegeng Rama Engbers joeswa 70 taoen. Njoeuwen Mis lan communi sesarengan nalika rija St. Joesoep. Ngatoeri oegeng para Broeder tg. 8 Dec. Kintoen oeoosan adegipoen van Lithstichting ing Moentilan. Nengngani officiele openingsplechtigheid Onder de Bogen. Nengngani karaméan Moeda Katholiek. Pakempalan Siswa Katholiek W.K.-kinderafdeeling (December). Pamoeidji. Moegi-moegi K.W. Ngajogja sageda teroes saja mindak madjeng, sageda dados wit ngrembaka, ingkang wohipoen angemohi, woesana saged ngajomi wandoe-wandawa Katholik ing telenging missie Djawi. Moegi makaten. Mataram Febr. 1930. Aksamanta Gambir anom.

Parepatan oemoem tanggal 18-2-30 manggèn ing kamar bolah Habipraja, kadatengan tjang ± 1000. Wakil-wakil ingkang dateng: afd. P. G. H. B. 68; pakempalan-pakempalan sanèsipoen: 19 (Radya Poestaka: M. D.; Java Inst.: N. I. O. G.; H. B. P. P. K. D.; I. K. P.; I. s. s.); seras-serat kabar: 20 (Sedyatama, Bintang Mataram, Swara-Tama, Soeara-Kath., De Koerier, I. s. s.) Kadjawi poenika wonten wakil dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan, wakil Departement O. en E.; Kaseboet wonten jaarverslag, ing akiring taoen 1929, tjatjahing warga mindak dados 12.000 (waoenipoen 4.500); tjatjahing tjabang mindak dados 102 (waoenipoen 62). Prakawis poenika anèlakaken kamadjenganipoen P. G. H. B. Bab lebeting arta inggih madjeng. Taoen 1928 arta mlebet: f 4087,35; medal: f 3551,94; taoen 1929, arta mlebet: f 9031,83, arta medal: f 8000, - Rembag ingkang preloe: prakawis loemintiripoen onderwijs dateng locale raden. Babagan poenika, konggrès P. G. H. B. anggadahi pamanggih kawrat ing motie, soeraosipoen: samangké dèrèng wantjnipoen anglijeraken onderwijs dateng locale raden. Djer locale raden poenika waoe taksih nèm, boten patos gadah koepija toemrap oebeng-ingering onderwijs. Mangka onderwijs sapoenika poenika, dèrèng gadah ener ingkang goematok (vaste richting). Arta ingkang kanggé ngragadi sakolahan ingkang pantjnipoen dados sanganngnipoen Nagari, aloewoeng katandjakaken kanggé andjembaraken onderwijs. Kanggé tjobèn-tjobjèn, locale raden soepados ngedegaken sakolahan pijambak kèwawon, lan inggih karagadana pijambak. (A.S.D.)

KONGGRÈS P. G. H. B. INGGANG KAPING 19. Parepatan oemoem tanggal 18-2-30 manggèn ing kamar bolah Habipraja, kadatengan tjang ± 1000. Wakil-wakil ingkang dateng: afd. P. G. H. B. 68; pakempalan-pakempalan sanèsipoen: 19 (Radya Poestaka: M. D.; Java Inst.: N. I. O. G.; H. B. P. P. K. D.; I. K. P.; I. s. s.); seras-serat kabar: 20 (Sedyatama, Bintang Mataram, Swara-Tama, Soeara-Kath., De Koerier, I. s. s.) Kadjawi poenika wonten wakil dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan, wakil Departement O. en E.; Kaseboet wonten jaarverslag, ing akiring taoen 1929, tjatjahing warga mindak dados 12.000 (waoenipoen 4.500); tjatjahing tjabang mindak dados 102 (waoenipoen 62). Prakawis poenika anèlakaken kamadjenganipoen P. G. H. B. Bab lebeting arta inggih madjeng. Taoen 1928 arta mlebet: f 4087,35; medal: f 3551,94; taoen 1929, arta mlebet: f 9031,83, arta medal: f 8000, - Rembag ingkang preloe: prakawis loemintiripoen onderwijs dateng locale raden. Babagan poenika, konggrès P. G. H. B. anggadahi pamanggih kawrat ing motie, soeraosipoen: samangké dèrèng wantjnipoen anglijeraken onderwijs dateng locale raden. Djer locale raden poenika waoe taksih nèm, boten patos gadah koepija toemrap oebeng-ingering onderwijs. Mangka onderwijs sapoenika poenika, dèrèng gadah ener ingkang goematok (vaste richting). Arta ingkang kanggé ngragadi sakolahan ingkang pantjnipoen dados sanganngnipoen Nagari, aloewoeng katandjakaken kanggé andjembaraken onderwijs. Kanggé tjobèn-tjobjèn, locale raden soepados ngedegaken sakolahan pijambak kèwawon, lan inggih karagadana pijambak. (A.S.D.)

Moegi makaten. Mataram Febr. 1930. Aksamanta Gambir anom.

KONGGRÈS P. G. H. B. INGGANG KAPING 19.

Parepatan oemoem tanggal 18-2-30 manggèn ing kamar bolah Habipraja, kadatengan tjang ± 1000. Wakil-wakil ingkang dateng: afd. P. G. H. B. 68; pakempalan-pakempalan sanèsipoen: 19 (Radya Poestaka: M. D.; Java Inst.: N. I. O. G.; H. B. P. P. K. D.; I. K. P.; I. s. s.); seras-serat kabar: 20 (Sedyatama, Bintang Mataram, Swara-Tama, Soeara-Kath., De Koerier, I. s. s.) Kadjawi poenika wonten wakil dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan, wakil Departement O. en E.; Kaseboet wonten jaarverslag, ing akiring taoen 1929, tjatjahing warga mindak dados 12.000 (waoenipoen 4.500); tjatjahing tjabang mindak dados 102 (waoenipoen 62). Prakawis poenika anèlakaken kamadjenganipoen P. G. H. B. Bab lebeting arta inggih madjeng. Taoen 1928 arta mlebet: f 4087,35; medal: f 3551,94; taoen 1929, arta mlebet: f 9031,83, arta medal: f 8000, - Rembag ingkang preloe: prakawis loemintiripoen onderwijs dateng locale raden. Babagan poenika, konggrès P. G. H. B. anggadahi pamanggih kawrat ing motie, soeraosipoen: samangké dèrèng wantjnipoen anglijeraken onderwijs dateng locale raden. Djer locale raden poenika waoe taksih nèm, boten patos gadah koepija toemrap oebeng-ingering onderwijs. Mangka onderwijs sapoenika poenika, dèrèng gadah ener ingkang goematok (vaste richting). Arta ingkang kanggé ngragadi sakolahan ingkang pantjnipoen dados sanganngnipoen Nagari, aloewoeng katandjakaken kanggé andjembaraken onderwijs. Kanggé tjobèn-tjobjèn, locale raden soepados ngedegaken sakolahan pijambak kèwawon, lan inggih karagadana pijambak. (A.S.D.)

angin kèwawon bok sampoen ladjeng dipoensehaken dateng seratan kabur, mindak njenjlonèh seratan kabur ingkang boten poenapa-poenapa. Ingkang poenika koela gadah panjoe-woen dateng sadèrèk koela pamaos Swaratama; manawi nglebetaken kabur dateng Swaratama ingkang njata, sanadjan namoeng getok toelar inggih dateng ingkang sampoen kènging pinitados saèstoe, soepados seratan kabur kita boten dipoenwastani seratan ngaja wara. Poenika koela boten pisan-pisan ateges pakèn lo sadèrèk, namoeng njoewoen. Ngladjengaken prakawis nginggil. Kados-kados badé dados goeroe doesoeno (sanadjan pangkat goeroe ingkang andap pijambak) meksa inggih rekaos kok, kadosta: 1e. Saweg anggènipoen badé mlebet Cursus, dipondadar kasagedanipoen. Manawi boten saged inggih boten dados. 2e. Manawi sampoen ketampèn kedah nglampahi sinaoe 2 taoen. 3e. Salebetipoen sinaoe manawi boten pinter inggih boten minggah. 4e. Manawi sampoen badé medal dipondadar malih. Manawi boten kempling inggih boten geslag. Kok badé dipoensa- sèkaken kalijan prabot doesoeno ingkang boten mangertos pa - bing - kong wah kebangetan temen enggonè madakakè koewi ta nèh. Sanadjan bajaripoen goeroe doesoeno kapendetaken paos intilan pisan rak inggih boten badé sami manawi ngèngeti rekaosipoen. Kados manawi boten klèntoe bajaripoen sadèngaha prijantoe ingkang dados

kawoelaning Kangdjeng Goepermèn badé A. W. pisan sapérganan rak inggih mendet saking paos. Mangka ingkang mbajar paos, poenika warni-warni: pak Soeta, pak Naja enz. inggih bajar paos, poenapa inggih ladjeng kènging prijantoe waoe kasamèk-aken kalijan pak Soeta Naja rak inggih boten ta. Sampoen semanten kèwawon: P. D. M.

KOEROE SÉTRA.

HALLO KOELON PRAGA!

Saben Swara Tama ngewrat verslag-verslag ing Pakempalan, Wates temtoe boten ketjap. Saking Koelon Praga boten naté ketjap. Sinten ta ingkang boten katoewoehan gagasan, jèn gotrah Katholik Koelon Praga poenika kendo, tanpa actie! Sampoen saleresipoen! Sababipoen kèwawon poenapa, déné gotrah Kath. Koelon Praga boten kapireng soewaranipoen! Saking tjoepting wawasan, roepaking paningal, koela boten kwagang ndoewa nalar-nalaripoen ingkang saloegoe. Sadèrèk Katholik Koelon Praga, soemangga madangna gagasan kaseboet nginggil. Samia ngadanana pakempalan, noelad gotrah sanèsipoen. Sadjak pandjenengan sadaja dèrèng kagoengan krekak kanggé pakempalan K. W. oetawi P. P. K. D. Samangsa sampoen wonten nijatipoen, kènging poenapa boten ngadegaken K. W. oetawi P. P. K. D? Sapinten tjatjahing goeroe Katholik ing Koelon Praga? Sakedik? Semanten katahipoen, ngantos boten njekapi kanggé ngwontenaken K. W. oetawi P. P. K. D. kados Medari oetawi sanès-sanèsipoen? Sanget anggèn koela mesakaken! Semanten djemberipoen Koelon Praga, kok ngoepados sadèrèk Katholik sadasa (10) kèwawon boten wonten! Sarèhning koela mireng kabar, bilih ing Wates kèwawon sampoen wonten goeroe Katholik

Advertisement for VAN LITH-STICHTING. Poenapa pandjenengan sampoen nèken seratan kasagahan? Pangreh V. L. S. Bijz. H. I. S. Magelang.

pitoe, dèrèng ing Pengasih, Kalimenoer lsp.; dados pandoewi koela dédé saking sakedik tjang Kath., nanging sepining kadjeng ingkang ndelikaken toekoeling pakempalan K. W. oetawi P. P. K. D. Sepening kadjeng waoe djalaran saking poenapa? Saged oegi margi pandjenengan boten ambetahaken pakempalan poenika, awit roemaos sampoen seneng gesang pandjenengan, oetawi dèrèng ngertos menggah pigoenanipoen. Sawenèhing sadèrèk mila

Éwah-éwahan.

Wiwit tanggal 1 Maart ngadjeng poenika Swara Tama lan Soeara Katholik madeg pijambak-pijambak, dados kalih-kalihipoen kapisah ing sadajanipoen.

Pramila wiwit wedal poenika prakawis lengganan inggih kapisah; sinten kèwawon saged dados lengganan salah satoenggaling seratan kabur kekalih.

Lengganan ingkang sampoen maringi arta lengganan 1 taoen, 1/2 taoen, 1/4 taoen inggih taksih tapi Soeara Katholik dangoenipoen 1 taoen, 1/2 taoen lan 1/4 taoen.

Lengganan Sw. Tm. ingkang tanggal 5 Maart dèrèng maringi arta, boten badé dipoenkintoeni Soeara Katholik wiwit woelan Maart.

Reginipoen Sw. Tm. taksih adjeg kados roemijin f 6 sataoen; adrès oegi taksih lestantoen. Déné adrèsipoen Soeara Katholik;

Soeara Katholik P. P. K. D. - Kantoor Koemendaman Djokja.

Poenika dadosa pamirsa. Redactie Administratie

Red. en Adm. S. K. Red. en Adm. Sw. Tm.

wonten ingkang boten remen dateng K. W.; gentos ndoewa jèn K. W. poenika boten gadah actie. Sanadyan wonten actie-nipoen, nanging inggih Stop, samanten kèwawon. Saodara ingkang kagoenggan pandoewa makaten poenika, sanadjan sampoen jakin menggah antjans, enering K. W. (pakempalan sosial toer nganggé G.A.), tartamtoe re-

BUITEN BEZWAAR VAN DEN LANDE.

Tegesipoen: prodeo, kanggé K. Goepermèn; K.G. boten perloe ngedalaken wragad. Kanggé sinten? Mangké roemijin! Sadèrèngipoen koela mangsoeli pitakèn poenika koela badé metik karanganipoen padoeka toewan pastoe Marius, ingkang kamot ing "De Koerier" 29 Januari '30.

Menggah tjekaking rembag, i.p. lelabetipoen para pastoe Kapoesijnen ingkang sami njamboet damel wonten ing Borneo, djadjahan Welandi. Sapriki sampoen djangkep 25 taoen. Déné gandjaraning rekaos semanten taoen waoe namoeng woedjoed:

- 1. Tjatjahing tjang Katholik: 6338, 2. Pamoelangan: 33, ingkang moeridipoen 1793. 3. Roemah sakit: 6. 4. Grija kanggé moepoe laré lola: 5. 5. Roemah sakit boedoeg (leprozerie): 1.

Ingkang makarja wonten ing ngrikoe, pastoe 24, broeders, 14, zusters 76.

Déné penoetoepling karangan waoe makaten:

En als Missionarissen, als wij straks emeriti zullen heeteen den dag al ras ons oog luiken zal, dan zal het nog een troost en gerustheid voor ons wezen, dat ons werk in 1905 begonnen, voortgezet wordt door ijverige jonge collega's, mogelijk, ja wellicht door gezalfden van inheemschen grond. Ons zal dan niets meer resten dan het planken huis (trebela S.L.), dat iederen sterveling wacht, maar behalve dit toch ook nog de diamanten zalen des hemels, waarvoor wij, Missionarissen van Borneo, "buiten bezwaar van de Lande" hebben gewerkt, doch met bezwaar van het eeuwige loon zullen opgenomen worden daar, waar een gewoon sterveling pas geprezen mag worden.

Iwng ngriki tjeta sanget padoeka toewan Pastoe Marius kersanipoen badé ngendika: "Senadjan para pastoe ing Borneo, sing 25 taoen lawasé, ora tampa sadoewit baé seka K. Goepermèn, doewé pangareparep tampa gandjaran sing loewih moestika." Para maos ngertos pijambak, i.p. gandjaran peparingipoen Sang Maha Adil!

Pandjenengan sadaja koela tjaois priksa, bilih anggènipoen njamboet damel wonten tanah ingkang taksih wanan rekaos sanget. Oepaminipoen bab lampahipoen saking doesoeno ngriki dateng doesoeno ngrika. Tebih lèr tebih kidoel, boten wonten margi ingkang saé kados ing tanah Djawi. Inggih manawi doesoeno doesoeno waoe namoeng oeroet lèpèn se-toenggal kèwawon, radi loemajan. Mergi-mergi manawi pinoedjoe mangsa djawah, boten kènging dipoenambah pit (fiets), kènginga inggih namoeng kalih oetawi tigang pal, njengkanipoen 5 pal; sanadjan makaten para toewan pastoe sami boten ngesoela rekaosipoen waoe.

Koela sampoen naté dipoenngandikani toewan pastoe Fulgentius, nalika énggal-énggalan wonten ing Borneo. Kala samanten pastoe F. kedah mriksa dateng doesoeno-doesoeno. Anggènipoen ngepit sampoen 1/2 dinten majeng-majeng. Djam 2 sijang, kinten-kinten saking dalem-

ipoen (pastoeran) sampoen wonten tebihipoen kados déné Solo—Jogja, pijambakipoen semapoet, dawah saking pit, mergi keselipoen. Djam 4 émoet malih, njéngklak pit, blas, kliling malih. Makaten tékadipoen. Tjontjo-tjonto ingkang langkoeng saé malih inggih taksih wonten, nanging mangké mindak kepandjangan.

Déné anggènipoen noengsang ndjempalik kados makaten waoe rak inggih namoeng badé adamel soedoes tetijang Dajak saha Tjina nggadahanana tata soesila ingkang saé sanget.

Panembahan ing Ngabang (Landedak) sampoen naté dipoensoewoeni priksa toewan Marius, poenapa Missie angsal mbikak sekolahan wonten ing ngrikoe. Wangsoelanipoen: "Hoe eer, hoe liever." Saja énggal, koela saja bingah sanget. Dados menawi Sang Panembahan waoe kagoengan arta kanggé nragadi, genah ladjeng wonten kèwawon sekolahanipoen. Awit Sang Panembahan priksa saéning doesoeno-doesoeno ingkang sampoen dipoen-goela-wentah para pastoe Kapoesijnen waoe.

Poenapa K. Goepermèn boten pirsas? Dos-poendi saged mratahipoen beschaving wonten ing Borneo, manawi rebèlèng arta dateng ingkang njamboet damel namoeng grog-grog asem kèwawon?

Poenapa kinteniipoen K.G. saged mbeschaafaken Priboemi Borneo ingkang taksih wanan, namoeng sarana gezaghebber-gezaghebber?

Kinten koela mokal. Gezaghebber-gezaghebber namoeng ndjagi soepados tetijang Borneo sami boten noegeli djangga. Inggih kelampahan èstoe poenika. Nanging tetijang waoe ladjeng sami bojongan dateng panggénan sanès. Gezaghebber ladjeng: "Ta, rak tentrem!" Nanging tentreming soewoeng.

Sanès kalijan katentreman ingkang damelanipoen para toewan pastoe Kapoesijnen. Tijangipoen wetah, lan . . . tata tentrem.

Poenika ingkang dados oenening manah koela.

Mangka sinten ingkang badé bingah menawi tentrem? Sinten ingkang badé metik wohipoen manawi tetijang Dajak sampoen sami dados bangsa tata? Sinten kèwawon ingkang badé mèsem-mèsem?

Boten sanès inggih K. Goepermèn! Poenapa nggènipoen njamboet damel (sanès verlof) taksih buiten bezwaar van den Lande?

Inggih, menawi wonten lotré, Vicariaat Borneo angsal pandoeman. Nanging poenika rak jatra moergan. Poendi jatra ingkang mesti mlebet? Poendi wragading "beschavings-werk"?

Bab poenika poenapa wonten awonipoen manawi para djempoling politik sami ngrembag? Poenapa poenika mlebet dateng pedamelan sosial? Mangsa borong. Poenapa poenika namoeng dados sesanggènipoen padoeka Missie-afgevaardigde i.p. padoeka toewan W. Burer ing Bogor? Poenapa "Indonesiërs Djawi" boten kènging tjawé-tjawé bab prakawis "Indonesiërs Borneo?" Bendjaran 15 Febr. '30.

Oscar Sastra Lelana.

sadaja boten rangoe-rangoe, koela atoeiri moendoet katrangan dateng pangreh K. W. Ngajodja; ingkang sampoen lami madegipoen, poenapa malih katah wohipoen. Standard-school Wates, poendi actie Katholik Koelon Praga? Saged oegi manawi Wates sampoen nggadahi actie, ingkang dèrèng koela piring. Sabab actie poenika warni-warni; rak inggih ta? Sinten ingkang soemerep, bok bilih sadèrèk R.K. Wates actie-nipoen boten makaten. Sanès wkdal tamtoenipoen koela angsal pawartos. Sadèrèngipoen koela nggagapi djalar-djalaranipoen sadèrèk Wates anggènipoen kèndel kèwawon dateng lahiring P. P. K. D. koela njoewoen pangapoenten, déné koemawani ngèngetaken ingkang samanten, ngantos saéngga sardjana ingkang witiaksana, moempoeni saliring kawirjawan. Sigeg.

Dèrèng samesiniipoen manawi pamawas koela bab kèndeling gotrah Katholik Koelon Praga ing babagan politik pinanggih tanpa tjatjad. Oetawi malih nijat koela pantjèn boten badé djoemeneng djoeroe pametèk, ananging adjak-adjak, ingkang soepados sadèrèk Koelon Praga kersa toemoet anggeboer ing kalangan politik, sarana ngawontenaken oetawi dados warganing pakempalan kita P. P. K. D. Mila jèn wonten keladoeking temboeng, samodra pangaksama ingkang koela soewoen. Ing nginggil sampoen matoer mbokmanawi sadèrèk Koelon Praga boten dojan K.W.; poenika kènging dipoenapoenten. Nanging

menawi sadèrèk koela waoe ngemohi dateng P. P. K. D. poenika koela wastani zonde! Insja Allah kadosan pandjenengan. Kawontenan-kawontenan ing djagad samangké, langkoeng-langkoeng ing Hindija Wétan, meksa koela sami mbebet sinaoe wonten kalangan politik. Ombjaking djaman kedah dipoenkanti. Éman sanget manawi pandjenengan ladjeng nglokro, kados sadèrèk ingkang wawan sabda kalijan saodera „jèn Kober”, kwerat ing Sw. T. nembé poenika. Sampoen namoeng mborongaken! Dojan boten dojan, poen kedapi roemijin. Jèn pandjenengan adirih, poenapa ingkang ngalang-alangi. Oeger kersa, mangké rak kelampahan. Énggal-énggal kagoengan pangandika: „Akoé doeroeng ngerti, ora boetoe, isih riboet ngremboeng boetoehé ngomah, wedi jèn dadi abang kaja sinaoe lsp., poenika kirang, malah boten leres. Menawi dèrèng mangertos, sampoen lingsem sinaoe dateng ingkang kawogan oetawi maos koran poenapa déné boekoe-boekoe. Alon waton kelakon! Déde mangsanipoen, jèn pandjenengan ngiwakaken pak. politik; saèstoe sadèrèk. Ing wekdal poenika katah kawontenan² ingkang boten damel mareming manah; kados-ta: wontenipoen V. C.; pabenipoen toewan Kiwiet de Jong kalijan Mr. Fruin wonten ing Volksraad. Poenapa inggih koela sami boten kraos! Riboet ngrembag riboeting nggrija, poenika kénging kalipoer nganggé rembag-rembag ingkang ngapokan kalijan politik. Ananging manawi pandjenengan niat sinaoe, nggeboer ing djagad politik, inggih ingkang sajektos, liripoen boten kénging adirih rekaos. Wewah-wewah sampoen namoeng toemoet-toemoet, margi lingsem oetawi adirih, déné sing neng ngarep kok sinaoe, tik kampi. Ingkang mbebet dados warganing pak. djalaran mekatan poenika, noewoen-noewoen, lo! geen knip voor

den neus waard!*) Ringa-ringa, maspadaken roemijin ingkang ngantos boten rangoe-rangoe. Ananging sampoen namoeng doemoenoeng wonten ing panjawang, haroes mendapat kemenangan. Afdeeling Koelon Praga poenika langkoeng wijar tinimbang Medari. Dèrèng dangoe ing Medari sampoen wonten pakempalan K.W. P.P.K.D. pakempalan beksa lsp. dados pangaleman sarta toelada; balik ing Koelon Parga kok taksih ajem; kawon actief! Inggih saèstoe njata poenapa? Saoepami mila kepara njata, manawi sadèrèk Koelon Praga kirang actief munggah dateng adjenging Missie, tamtoenipoen sanès dinten wonten salah satoeng-galing sadèrèk goeroe ingkang actief kapindah mrika, medarèkaken Wates apesipoen. Oepami ingkang makaten waoe kelampahan, méndah renanipoen kadang koela Koelon Praga, poenapa malih Wates, awit roemaos angsal sawoeng, ingkang badé mbéngkas saliring karibetan, ing satemah adamé adjenging Missie wonten ing Koelon Praga. En zeer dankbaar zullen zij wel zijn, niet waar heeren? Maar ik geloof dat Wates niet mag vergeleken worden met Medari of Kalasan bijvoorbeeld wat betreft het aantal onderwijsinrichtingen.***) Andadosna kawoeningan manawi ing kita Wates kémawon sampoen wonten pamoe-langan 8, ingkang kanggé laré Djawi. Rak sampoen nama loemajan ta! Terkadang sadèrèk koela Wates sampoen sami manggalih munggah wontenipoen afd. P. P. K. D. oetawi K.W.; sadjak nglengkara jèn botena, awit inggih ngertos jèn kedah toemoet tjawé-tjawé ngoedi dateng adjenging Missie. Ajo Wates adja kèri. *Arga Pontjol 16 Februari.*

*) Tanpa adj. Red.
**) Lan inggih sami badé matoer noewoen. Nanging kinten koela bab tjatjahing sakolah Wates boten kénging katandang kalijan Medari oet. Kalasan. Red.

OERA P-SARI

KABAR KATHOLIEK.

R. K. A. M. S. ing Weltevreden binnerkahan.

Kartika Madjeng tiga, martosaken: Dinten Kemis soerja 6 Februari djam 9 éndjing ing Aula énggal sampoen kebak para tamoe-tamoe ingkang sami rawoeh andjenengi anggènipoen mberkahi pamoelangan énggal. Ingkang rawoeh Toewan Bischoep A. v. Velsen, Rama Superior, para Pastoer ing Betawi miwah para Franciscanen ing Kramat lan Mr. Cornelis, burgemeester Mr. Meyroos, Dr. Fuchter secretaris dep. O. & E, Mr. Merheyen, procureur generaal, Ir. Berto directeur A. M. S. Goepmèn, direct. Strada Mulo, inspecteur M. O. Degens, insp. Mulo van Dijk, warga raad kawoela Monod de Froideville, van Ruyck onderdir. N.I. Escoto mji; para leeraar-leeraar, Ams, para moerid-moerid, lan para toewan-toewan toewin njonjah-njonjah sedaja kinten-kinten 120. Sadèrèngipoen miwiti mberkahi toewan Fermont angandaraken manawi grija sekolahan poenika saweg kanggé voorloopig kémawon. Sadaja ladjeng kairid dateng kapel. Bakda menjanji „Veni Creator” ladjeng miwiti mberkahi. Pamentangan ladjeng kagatoeng nginggil toneelzaal. Bakda mberkahi Mgr. ladjeng djoemeneng, lan ngendika tjekak aos. Pandjenenganipoen mahjakaken gending panarimahipoen dateng para toewan-toewan ingkang samja rawoeh. Woesa maringi pitedah sakedik dateng para moerid, makaten: „Tijang ingkang namoeng pinter tok, mligi, poenika bodo (onbevullig). Kasagedan kedah sinarengan kalijan boekti (daden), oegi ing babagan Agami.”

Rama Superior gentos ngandikakaken manawi noentoes siswa poenika gawat lan angèl sanget lan katah tatanggalanipoen. Pramila R. S. matoer noewoen sanget dateng pandjenenganipoen Dr. J. Kurris ingkang sampoen kersa maringi koerban samanten agengipoen, kersa mangang-geng pamoelangan toewin Internaatipoen. R. S. ngendikakaken malih sebab-sebabipoen déné Strada boten kersa mbikak H.B.S. 5. Nitik verslagipoen kala 10 taenipoen Ams Djokja, ing Indonesiè ngriki Ams langkoeng mapan tinimbang kalijan H.B.S. 5 Pinten-pinten moerid kémawon ingkang boten saged namataken pasinaonipoen ing H.B.S.

Dr. Fuchter atas namaning Dep. O & E ngandaraken manawi R. K. Ams sampoen kaparingan besluit, kasamèkaken Ams Goepmèn. Taen poenika sampoen kapareng ngwontenaken eindexamen. Diploma pangasoipoen precies sami kalijan diploma H.B.S: 5.

Mr. Meyroos angandaraken manawi gedèk-gedèk sanget sareng

pirsa sakolahan ingkang saé kados makaten. Pandjenenganipoen boten nginten manawi kaprenah wonten wingkingipoen grija lami wonten sekolahanipoen saé. Mr. Meyroos ladjeng kagoengan pangalih soepados grija kabibraha, ladjeng sekolahan kaadjengna, soepados katingal saking margi ageng.

Ir. Berto directeur Ams Goepmèn ngandaraken manawi concurrentienipoen Ams tetiga ing Betawi (Openbare, Christelijké, lan Katholieké) poenika saged andadosaken saéning pamoelangan. Déne anggènipoen sami angrantjantj toedjoe satoenggal poenika boten soesah mawi peperangan (mekaar beoorlogen).

Toewan Fisser ngandika atas namaning K. O. B. Toewan Wubbe, voorzitter Strada, matoer noewoen dateng para tamoe.

Telas-telas ngandika: Dr. J. Kurris directeur Ams. Pandjenenganipoen matoer noewoen dateng Mgr. ingkang kersa mberkahi sekolahan, matoer noewoen dateng Mr. Meyroos, matoer noewoen dateng O en E, matoer noewoen dateng toewan Wiegand, administrateur v/h sluizenbedrijf ing Welt. Woesa ngandikani para moerid. Moerid-moerid klas 6 kaparingan extra waarschuwing soepados tiwikramaa ing salebetipoen kalih woelan poenika, soepados sageda tamat sinaoenipoen sedaja.

Djam 11 bakda champagne, lan sroetoe kaoebengaken, para tamoe sami bibaran.

Prasetya soetji ingkang wekasan.

P.P.H. martosaken: Dinten Ngahad 2/2-1930, dados ngleresi dinten ageng wiladahipoen Dèwi Marjah, poenika dinten kabingahan lan soetji toemrap Ambarawa, awit pandjenenganipoen rama A. de Kuyper, ingkang dados rama Paramaranipoen K.W. lan Maria Mediatrise, toewin rama Rietra, sami njasaken prasyanipoen ingkang wekasan dateng Goesti Ingkang Maha Soetji. Djam 10-11^{1/2} pahargjan wonten kamar tonil: sekar, lan sesorah-sesorah saking pangarsa K. W., pangarsa Maria Mediatrit, lss.

Algemeene Overste.

Pandjenenganipoen Broeder Victorianus (overste Broeder Onbevekte Ontvangenis ing Soerakarta) winisoeda djoemeneng Algemeene Overste (Ngatoeraken kasoegangan Red.)

Ngarsa Dalem Kg. S. Rama kalijan bolsjewisme.

Kaseboet wonten nawala dalem ingkang dateng Vicaris Djéndral ing Roem. Kardinal Pompili, ngarsa dalem angetoeni lan boten narimahaken dateng tandoekipoen Roeslan, langkoeng-langkoeng prakawis

riaja Kerstmis; anggènipoen noetoei Grédja, lan ngobongi retja-retja.

Sampéjan dalem andawoehaken, *bèndjing tanggal 19 Maart*, ngleresi riaja dalem S. Joesoep, *ngarsa dalem badé ngoendoekaken Mis mi-roengga wonten Grédja Agoeng St. Pieter, preloe njoewoen pitoeloenganipoen S. Joesoep soepados Roeslan kaparingana loewar saking pang-niajanipoen kaem bolsjewisme.*

Kaengetaken oegi bilih wiwit djoemeneng dalem nglenggahi dampiring Vatican sanget anggènipoen ngangkah rampoenging pangoeja-oer ing Roeslan. Sampéjan dalem ngawontenaken komisi katoentoen pandjenenganipoen P. Walsh S. J., Komisi poenika waoe kala samanten saged ngloewari laré Roeslan 150.000 saking pedjah anggigirisi, ngantos Sovjet ladjeng kepeksa ngedakaken actienipoen.

Oegi kaparingaken priksa bilih Sampéjan dalem sapoenika ngawontenaken komisi mligi kanggé manah Roeslan, sarta dipoenpang-gengi Kardinal Sincero.

Para Biskop, para Katholik sadaja ing tanggal 19 Maart waoe kadawoehan soepados sami njoenjoewoenaken kanggé loewaripoen Roeslan.

Grija sakit ing Menado.

Kala tanggal 13 Febr. poenika, grija sakit Katholik Manado binarkahan Mgr. Panis. Ingkang andjenengi Resident, Burgermeester, lan prijantoe-prijantoe sanèsipoen. Rakitaning grija sakit waoe saklangkoeng modern, tjekap kanggé tijang sakit 100 langkoeng; déné waragadipoen telas 2^{1/2} ton langkoeng.

KABAR OEMOEM INDONÉSIAH.

SAKING NGAJOGJAKARTA.

Prof. Dr. Jos. Schmutzer.

Sw. Tm. No. 43 tg. 6 Dec. 1929 sampoen martosaken, bilih padoeka tw. Jos. Schmutzer winisoeda dados maha goeroe bab kawroeh pelikan lss. wonten ing pamoelangan loehoer ing Utrecht.

Nalika dinten Rebo wingi poenika, pandjenenganipoen prof. Dr. Jos. Schmutzer kapeksa nilar tanah Djawi, tindak dateng nagari Welandi, nitih baita „Prins der Nederlanden”, soemedya ngajati pakarjanipoen professor. Pandjenenganipoen poenika sinten, tijang Indonésiah sampoen damang sadaja. Pandjenenganipoen poenika prijantoe ingkang dados pangadjeng ing babagan kapolitikian toewin babagan social oegi. Langkoeng-langkoeng pandjenenganipoen poenika satoenggiling prijantoe ingkang mangsah ing madyaning paprangan kanggé kaparloean Katoelik; pandjenenganipoen ingkang dados katjabenggalaning sadèrèk Katoelik sanès ingkang soemedya mitoeloengi Missie. Ing ngriki boten soesah kita andaraken malih, sepinten lelabetipoen prof. Schmutzer toemrap Missie Djawi. Tjekap manawi kita ngèntèni poenapa ingkang nembé kelampahan ing Gandjoeran nalika tg. 11 Febr. Margi pakarjanipoen familie Schmutzer ing doesoen ngrikoé katah jejasan, ingkang nélakaken katahing lelabetipoen. Kita wani mestèkaken, bilih asma „Schmutzer” boten badé gampang itjalipoen saking manahipoen sadèrèk Katoelik Djawi. Saben-saben kita ningali jejasan waoe badé tansah kaengetaken berboedining pangalihipoen prof. Dr. Schmutzer. Mila sinten tijangipoen ingkang boten kapranan ing manah katilar prija-goeng waoe?

Boten langkoeng kita tijang Katoelik Djawi njenjoewoen dateng ingkang Maha Koewasa moegi tansah andjangkoeng pandjenenganipoen Prof. Dr. Schmutzer sagarwa poetra; wonten ing margi kalih ing sambékala, namoeng rahardja basoeki ingkang pinanggih. **

Vrije emigratie.

Salebetipoen woelan Djanoewari kapengker poenika, Ngajogjakarta nampi vrije emigranten: 466 tijang djaler kalijan 262 tijang éstri lan 284 laré-laré. Sadaja koeli ingkang kakintoen saking ngrikoé 468, poenika boten kapétang kalijan anak sémah ingkang toemoet.

Déné kantor kanggé ngoepados pakarjan ing Ngajogja salebetipoen Djanoewari '30 njatet tijang padamelan: bangsa Éropa 28, tijang Priboemi 307. Ingkang saged pikan-toek padamelan: 13 bangsa Éropa, lan 64 bangsa Priboemi. **

Monitor maboer kaséwakaken.

R. de Bruijn sapoenika njéwakaken montoripoen maboer „Haviland Gipsy Moth” kanggé ameng-amengan wonten sanginggiling kita, dateng pasisir, lss. Sinten ingkang ngersakaken njobi? Wekdalipoen maboer: dinten Ngahad lan dinten-dinten ageng: ing dinten limrah: djam 6-8 éndjing, djam 5-6 sonten. **

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

ANGRAKETAKEN GEMEENTE KALIJAN KAWOELA TIJANG BOEMI.

GEMEENTE SEMARANG KALIJAN ONS SCHOOL COURANTJE.

Salebetipoen woelan kapengker, pandjenenganipoen Directeur B. B. paring nawala ideran dateng para burgemeester lan pangarsa gemeenteraad ing tanah Djawi.

Ing serat waoe kapratèlakaken: kawoela alit ing salebeting kita kerep kémawon boten anggatosaken, boten ngaosi, pangrembagipoen gemeente. Ingkang makaten waoe andjalari toewoehing pitakènan kados-poendi rékanipoen ngitjali kawontenan poenika.

Babagan poenika, langkoeng-langkoeng toemrap kita ageng inggih oegi kabekta saking *kiranging lalajananipoen para pangrehing gemeente kalijan kawoela alit* (dojonging aksara déning Patjar Mèrah). Ingkang makaten waoe andjalari pranatan-pranatanipoen gemeente, — inggih sanadyan saé toer migoenanana toemrap kawoela —, boten patos dipoenmanngertosi; poenapadéné soelaja kalijan pamanggih lan raosipoen kawoela.

Kaseboet ing nawala ideran waoe wonten réka-réka kanggé ngitjali kawontenan ing nginggil, i. p.

1. Ngwontenaken woningregistratie.

Pranatan-pranatan saé toemrap kawoela badé saged kasembadan saé, manawi saged njoemerepi kawontenan satoenggal lan satoenggalipoen ing papan ngrikoé. Seserepan makaten poenika angsalipoen, manawi wonten woningregistratie ingkang katata saé. Katrangan-katrangan ingkang margi woningregistratie waoe kénging kapigoenakaken kanggé paméranging gemeente dados pakampoengan (wijken en onderwijken). Saben pakampoengan wonten kantoripoen pijambak. Administratiening kantor makaten poenika dipoenpèng wijk lan onderwijkmeester ingkang njamboet damel wonten gemeente. Tetijang ingkang gadah perloe kadosdéné neda palilah, prakawis paos gemeente lss., saged lapoer wonten kantor waoe, boten oesah dateng kantor gemeente.

2. Ngwontenaken babadan soeka rembag (advies-commissie).

Kapala distrik ing ngrikoé dados warga lan pangarsa, kawewahan malih tijang kalih sadjawining gemeenteraad benoemanipoen raad. Ing babadan waoe dipoenbenoemi secretaris saking raad, ingkang damang papatokan gemeente.

Inl. bestuurambtenaar ingkang taksih apakat andap, inggih saged kadadosaken djoeroe lantaran sasambetanipoen kawoela alit kalijan pangreh gemeente. Ingkang makaten poenika saèstoe mikantoeiki; djer ambtenaar waoe soegih koepija babagan manggrèh pradja; toer kawoela taksih ageng sanget pangandelipoen. Babadan poenika waoe saben woelan ngwontenaken parepatan. Oepami njarengi parepatan onderdistrik, kalijan loerah-loerah doesoen (kampoeng) wonten ing grijaning pangageng distrik. Wonten ngrikoé ladjeng:

a) Nampi, damel palapoer ringkesan, poenapadéné nindakaken paniti priksa kelah-kelahi wonten tijang alit toemrap oendang-oendang oetawi pranatanipoen gemeente.

b) anerangaken dateng tetijang bab pranatan-pranatan gemeente ingkang migoenanani.

c) damel palapoer ingkang kamanah perloe dateng pangreh gemeente oetawi resident.

3. Ngwontenaken raad-raad-komisi (raadscommissies), ingkang katah

warganipoen bangsa Indonesia, angrembag prakawis-prabawis ingkang saèstoe kalampahan, langkoeng-langkoeng ingkang ngèngingi kabetahanipoen tijang boemi. Raad-komisi makaten poenika, lampah saé kanggé njakèkaken lalajananipoen gemeente kalijan tijang alit. Manawi saja katah warganipoen bangsa Indonesia inggih saja katah poenapa-poenapa ingkang kawedal saking warga-warga poenika waoe.

4. Ngwontenaken parepatan kalijan tetijang boemi, Tionghoa lss., ingkang badé ngadjengaken betahipoen, wonten ing dinten ingkang sampoen mesti, manggèn ing gemeentesecretarie.

Dados... sampoen tetéla, Nginggil angakeni pijambak: lalajananipoen pangreh gemeente kalijan kawoela alit, kirang.

Ingkang makaten waoe, tetep nama koekoedoeng sawisé klotjoet!

Pantjen, wiwit djoemenengipoen Ingkang Witjaksana sapoenika poenika, ingkang dados sasantipoen Nagari: moemoelih pijandeling kawoela; ngraketaken rengganging kawoela kalijan bendara.

Gantos ingkang koela atoeraken, bab gemeente Semarang.

Para maos taksih kèngetan: „Ons School Courantje” ingkang koela tjarijosaken wonten ontjen nomer 6?

Pandjenengan pirsu, Ons Sch. Courantje mawi waragad gemeente, kasoedjakaken kanggé moerid-moerid H. C. S.

Tindak makaten poenika koela wastani boten adil.

Lekas makaten poenika, noewoehaken kemèren! Mratijhnnani bilih ingkang dipoenmanah namoeng sakolah H. C. S. Kedjawi ta, manawi ing Semarang poenika namoeng wonten sakolahan H. C. S.! Oetawi malih poenapa ingkang tjara Walandinipoen kirang poenika, namoeng moerid-moerid H. C. S. kémawon? Lan, poenapa ingkang bajar paos inggih namoeng tijang spoehipoen moerid H. C. S. kémawon?

Kados ingkang kapratèlakaken ing nginggil, Nagari ichtijar ngraketaken ngandap kalijan nginggil.

Angèngeti karsanipoen Nagari ngraketaken kawoela kalijan Pamaréntah, lekasipoen gemeente Semarang ingkang makaten waoe pantes kaitjalan. Sedyu ingkang toemoesipoen noewoehaken kemèren waoe, prajogi kabatalaken. Mangké mindak kawastanan nganggé politik ambèdak-mbedakaken!

Manawi gemeente Semarang pantjen badé ngadjengaken kasagedanipoen moerid-moerid pamoelangan andap sarana koran alit-alitan, koran waoe sageda njangkepi kabetahanipoen sakolahan angka kalih, H. I. S. lan H. C. S. ing koekoeban gemeente Semarang ngrikoé. Oetawi, manawi H. C. S. kasoedjanaan koran, H. I. S. lan angka kalih (sakolahan Djawi) inggih kedah boten dipoekoewalokaken.

Manawi boten saged ngwontenaken koran kados makaten, aloewoeng nrimah kèndel kémawon.

Makaten pamanggih koela!

Kumuningsaselé 17 Feb. '30.

Taklim:

Patjar Mèrah.

Prahara ageng. Malem tanggal 12 wiwit sonten Ngajodja djawah deres. Ngadjengaken djam sanga wonten prahara ageng. Katah witan ambroek, grija risak gendèngipoen. Lengganan Aniem katah sanget ingkang petengan natas doemoegi éndjing. Kantor karésidénan kebroekan kadjeng trembesi, risak sakedik.

(Mitoeroet *Bahagia* ing Semarang salebetipoen kalih dinten kalih daloe djawah toeres toer katoetan angin; soerja anggènipoen wiwit katingal wonten dinten Djoemoewah kapengker poenika wantji djam sawelas éndjing.

Manoet *Sedyu Tama* ing kaloe-raham Salamredja sarta Wora-wari bawah Sentolo katah witan-roengkat, grija risak. Tijang ingkang kataton ing Salamredja 12, ing Wora-wari 7).

Baji anèh.

Bok Kramadimedja ing doesoen Kasongan (Bantoe) nglahiraken baji djaler anèh. (Kala 10-2-'30). Baji waoe pakoelitanipoen wonten blentong-blentongipoen tjemeng; dridji poeter; tangan

tjeko; soekoe péntong; sirah wonten wewahanipoen koelit tjemeng; koeping peroeng; tjangkem wijar; lambé ngandap nginggil kandel; abrit; mripat mandelo; iroeng madep minggah... baji kabekta dateng grija sakit. **

Keucheniuschool.

Eindexamen Keucheniuschool (Norm. gadahanipoen Zending): kandidat 17 ingkang katarimah 16.

Ingkang Witjaksana tedakan.

Ing wiwitaning woelan April, Ingkang Witjaksana Goepnoer Djéndral tedak angrawoehi tanah Djawi Tengah lan Wétan.

Saking Betawi pandjenenganipoen nitih montor maboer doemoegi Semarang. Rawoehipoen ing Semarang waoe kinten-kinten tanggal 6 April, toeres andjoemenengi conferentienipoen para Boepati ing Djawi Tengah ingkang bokmanawi kémawon manggèn ing Wanasaba.

CORRESPONDENTIE.

Hr. B. te Poerw. niets ontvangen. Tjantrik Kebonsarèn minggo ngadjeng.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÉT
INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }

Nitjil kénging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar **DJOKJA**
Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah² obat

MALIOBORO „RATHKAMP” MALIOBORO
soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA „RATHKAMP” DJOKJA
tangoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

NGATOERI PRIKSA DATENG SADÈRÈK - SADÈRÈK.

Nalika tanggal 21 - 1 - 30 koela kaparingan momongan ingkang No. 3 medal djaler kanti wilodjeng, koela namakaken:

SOENARTA MARIUS.

Koela Rm. A. Soemadihardja.
A. J. Soemadihardja.
BANTOOL.

Toko DJOEN & Co., Djocja.
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI - TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannya.

ROTIE - ROTIE, KOEWEE - KOEWEE dan BESCHUIT - BESCHUIT KERING.

SROETOE - SROETOE dan ROKOK - ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang special die giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tangoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak - anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan — permainan boeat anak - anak ketjil. —

Semoea barang paling djempol, dan moerah sekali!

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kilo;
sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJÈT GILAP model B. kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50; 5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R. B. FRIELING,
Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

ALMANAK MELAJOE 1930
soedah habis didjoel

Dalam koerang lebih tiga boelan sadja soedah bisa lebih dari

40.000
beloem terhitoe 40.000 Volksalmanak Djawa dan Soenda)

akan tetapi djangan takoet sebab mengingat keperloean toean-toean jang beloem memesan, **BALAI POESTAKA** soedah moelai tjétak tambahannya Volksalmanak Melajoe

8000 lagi!

SIAPA SOEKA BOLÈH BELI,
SIAPA SOEDAH TENTOELAH POEDJI!

HEEL DE ARCHIPEL LEEST DE KOERIER
Eenig R. K. Dagblad
in Ned. Indië

Bakda saking ngrikoe, tindak dateng Soerabaja oegi nitih montor maboer. Saking Soerabaja nitih montor tindak dateng Nangkadjadjar. Anggènipoen lenggah wonten ngrikoe wiwit tanggal 8 doemoegi 10 April. Tanggal 9 April pandjengenganipoen tindak dateng Malang ndjoemenengi conferentie Boepati ing Djawi Wétan.

Tanggalipoen 10 koendoer mijos Soerabaja. Dèrèng saged katemtokaken poenapa ing daloe waoe pandjengenganipoen njaré wonten ing goepernoeran.

Lampah-lampah ing nginggil poenika taksih saged éwah. (*Soer. Handelsblad*).

Anèh - anèhan.

P. D. M. martosaken:
Ing satoenggiling wekdal koela sondja dateng panggènanipoen toewan F. Suintke (Melkkerij Doekoer Moentilan).

Koela dipoendjak dateng kebon ningali tanemanipoen tjikal. Ing kebon ngrikoe wonten tjikalipoen pinten-pinten ndasa, koela katedahan ingkang anèh inggih poenika wonten tjikal 1 toekoel witipoen 2, poenika wonten kalih wit. Wonten satoenggal malih ingkang toekoel 4 wit, (namoeng 1), dados sedaja tjikal 3 ingkang koela wastani anèh-anèhan ing nginggil waoe.

SAKING SOERAKARTA.

Djadir martosaken:

Ngrebat gogik.
Watawis djam 11 daloe wonten ba-koel gogik (glepoeng gaplèk kaedang ladjeng kaepé) tjatjah 12 èstri sedaja, badé njadé gogik waoe saking Manjaran (bawah Mangkoenegaran) dateng peken Tawang (Kasoenan). Sareng lampahipoen doemoegi Watofinoempok, tjaket wates Ka-

soenan, Mangkoenegaran lan Kasoeltanan, ingkang wingking pijambak karebat gogikipoen, tjang dawah. Sanèsipoen pating djlerit neda toeloeng. Sanadjan boten katjepeng, nanging angsal dakwa kekah, noentèn dakwa katahan.

Loerah komplang, kami ndjomplang.

Koela nampi pawartos saking sadèrèk koela ingkang kénging pinitados, bilih loerah doesoer ing Weroe, bawah Assistent Wedana ing Weroe, Kawedanan Tawangari Soerakarta, dipoenkèndeli saking pedamelanipoen; déné kami sepoehipoen kalorit dados kebajan.

Dados wedal sapoenika loerah komplang, kami ndjomplang. Ingkang tjepak sebabipoen, boten sanès perkawis arta.

Sampoen dados adat saben wonten lowongan loerah, para kami sepoeh sanèsipoen pating betitit ngangah - angah, madjeng njowoen katetepaken. Patoeran poenika kéngang - kénging kémawon, awit pantjèn njamboet damel kedah gadah pangadjeng - adjeng dateng pangkat sanginggilipoen.

Mèh katelasan teda.

— Dèrèng dangoe ingkang Boepati anèh ing Soerakarta tedak dateng Watokelir, perloe nampèni patoeraning tjang - tjang ingkang kekirangan teda (gaplèk).—

Poepoer sawisé bendjoet.

— Saben-saben kopèrenti distrik ing Tawangari Soerakarta, gegandéngan lan katiganipoen pandjang, kala semanten Ingkang Boepati ndangoe dateng para loerah, poenapa teda ing bawahipoen satoenggilingtoenggiling kaloerahan tjepak kateda. Para loerah saer peksi tjepak.

Wasana sareng doemoegi sapoe-

nika djeboel kekirangan. Mila Paréntah ladjeng ngawisi dateng tjang sesadéan woeloe wedaling siti ing kawedanan Tawangari boten kénging kasadé medal.

Èh, pak loerah! Sampoen namoeng inggah-inggih mekaten, ta!!

Oetekipoen bangsa Indonesia.

Radèn Soedama Prawiradirdja poetra patih ing Bangil, katarimah iksamenipoen babagan ngèlmoe staatshuishoudkunde lan Staatsinrichting, wonten nagari Welandi.

Radèn Soedama Prawiradirdja poenika bangsa Indonesia ingkang sapisanan ingkang poetoes ngèlmoe kaseboet ing nginggil. Soewaoe pandjengenganipoen sakolah wonten Op-leidingsschool Prabalingga.

Njowoenaken pangkat Adviseur bangsa Indonesia.

Wonten parepatan Raad Kawoela warga toewan Koesoema Oetaya njowoen soepados ing Hoofdparket wonten Adviseur bangsa Indonesia. Wakilipoen Paréntah mratélakaken badé manggali panjowoenan poenika.

Padjeg ing Soerabaja.

Tjatjahing tjang ingkang kénging paos ing Soerabaja salebetipoen taoen 1929 wonten 17.569. Tjjang samanten poenika ingkang bangsa Walandi 9.838; bangsa Indonesia, Tionghoa lan Arab lss., wonten: 2.472; 4.787; lan 472.

Manoet lijst belasting, Walandi ingkang pamedalipoen katah pijambak wonten: f 420.000 sataoen. Déné bangsa Tionghoa ingkang pangasilanipoen kalebet katah i.p. sataoen f 150.000 lan f 160.000. Bangsa Indonesia ingkang pamedalipoen sataoen katah pijambak: f 10.000, bangsa Arab lss. f 350.000. (*Nw. Soer. Crt.*).

Dalia Opera dipoenbeslah.

Deurwaarder Landraad Betawi saking panedanipoen advocaat mr. Kani, atas namanipoen Uitgever My „Bintang Hindia” ingkang angedalaken serat kabar *Bintang Timoer*, mentas ambeslah (ngrampas) Dalia Opera ingkang main wonten Mangga Besar. Anggènipoen makaten waoe, margi setamboel poenika boten ambajar samboetanipoen arta advertentie lan ngemplang pambajaran arta programma.

Bangsa ngriki seneng dateng kawroeh koekoem.

Wonten Raad Kawoela toewan De Hoog anedahaken presènanipoen para nénéman bangsa kita ingkang sakolah wonten pamoelangan inggil, i. p. dateng R. H. S. 52%, dateng T. H. S. 27%; dateng G. H. S. 36,4%. Kawontenan makaten poenika anedahaken bilih bangsa ngriki seneng dateng kawroeh hoekoem, (rechts-wetenschap). Déné bangsa koelit petak seneng dateng techniek, bangsa Tionghoa dateng kadokteran.

MANTJA NAGARI

Gégèran ing Hanoi.

Ing Hanoi (Fransch Indo China) lan sakiwa-tengenipoen, salebetipoen minggoe kapengker wonten gégèran. Manoet pawartos officieel gégèran, margi pandamelipoen golongan revolutionair, kalijan kantja militèr komis. Déné sababipoen: propaganda revolutionair.

Sedyanipoen tetjjang poenika waoe badé sasarengan (noenggil wekdal) medjahi opsir lan onder opsir. Tjjang brontakan kirang langkoeng 60 saged ngenggeni grija compagnien kalih, ladjeng mandjer gendèra abrit wonten nginggil pajon,

meksa saradadoe golongan scherp-schutters njendjatani grija saradadoe satjelakipoen ngrikoe. Wonten saradadoe ingkang saged lapoer dateng pangageng, wasana ladjeng sami toemandang.

Tjjang karaman 25 lan militèr 60, saged katawan.

Tjjang ingkang mangadjengi kraman waoe inggih sampoen katjepeng, sarta walèh kémawon.

Katah golongan kraman lan militèr ingkang nandang tatoe. Opsir kalih lan onder opsir tiga bangsa Fransch, sami pedjah; samanten oegi bangsa Anam gangsal.

BOEKOE - BOEKOE INKANG KATAMPI.

Saking toko boekoe J. B. Wolters ing Betawi, redactie tampi boekoe:

OMHOOG DE HARTEN 1a, 2, 2a. karanganipoen: Walterida kalijan Mat. Crijns kabantoe Br. Albertus.

Boekoe poenika kanggé waosanipoen laré Lagereschool Katholiek ing Indonesia ngriki. Basanipoen gampil, sakétja; katah pipiridan tjarjos (dongèng) saé-saé, lalampahanipoen tjang Soetji, lss. Gambaranipoen (toewan Joh. Ponsioen) inggih boten ngoetjwani.

VAN TOEN WIJ VRIJ WERDEN djilid II karanganipoen Aug. C. J. Commissaris.

Boekoe poenika ambadaken Pasamoewan Katholiek ing Nederland wiwit taoen 1853 doemoegi 1903.

Ing boekoe waoe njarijosaken lalabetanipoen pantoentoen-pantoentoen Katholiek Walandi sadèrèngipoen taoen 1903; anjarjosaken anggènipoen para gégèmbong sami mangsah joeda kanggé preloenipoen gotrah Katholiek lss. Para pantoentoening pergerakan Kath. ing ngriki, prajogi kagoangan boekoe waoe, soepados ngertos actie-nipoen gégèmbong Kath. ngari Welandi; ngertos sengkoet tjakoeting tradjanganipoen: ngoegemi kaantepanipoen, poeroen ngoerbanaken bae soekoe; soetik moender sa-djangkah kémawon, sadèrèngipoen ketjandak ingkang dipoenkadjengaken, nanging tansah ngambah margi adil.

(Reginipoen namoeng f 2.50; jèn samakan f 2.90; kandelipoen 274 katja. Dlantjanipoen aloes sanget, katah gambar-gambaranipoen).